



Pou Piblikasyon Imedya: 03/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON LEGLIZ ÒTODÒKS GRÈK ST. NICHOLAS AK SANKTYÈ NASYONAL LA NAN VIL NEW YORK

*Legliz orijinal la nan zòn sid Manahattan te detui le 11/09*

*Foto yo disponib [isit la](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a kòmansman konstriksyon nouvo Legliz Òtodòks Grèk St. Nicholas ak Sanktyè Nasyonal la nan Vil New York. Legliz orijinal la ki te sitiye nan zòn sid Manahattan te detui le 11/09. Pwojè a rekòmanse sou lidèchip konsèy Friends of St. Nicholas nan patenarya ak Otorite Pòtyè New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey).

"Kòmansman konstriksyon nouvo Legliz St. Nicholas la fè eko ak mesaj prensipal la nan moman difisil sa yo: Nou pral retounen konstui menm jan nou te rekonstui apre 11/09 lan, e l ap bi bon epi pi solid avèk plis solidarite ak plis fwa ak plis lespri kominote ke jamè anvan," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "St Nicholas sa pral pi esplandid epi pi atiran ke St. Nicholas ki te la anvan an. Nou te pase moman difisil yo ansanm, men nou leve soti nan sann yo, e nou leve pi fò ke jamè anvan. Se sa St. Nicholas sa ap reprezante. Se yon mesaj pisan pou tout Moun New York ak tout Ameriken."

**Son Ekselans Achevèk Elpidophoros Amerik la te di,** "Apeprè ven tan de sa, Sen Nikola nou an te tonbe ak plizyè milye nan sanblab nou yo ki te pèdi nan sann 11/09 yo, ak lòt nou pa ka konte ki te blese nan kò, nan kè ak nan nanm yo pa yon aksyon lahèn ak terè sovaj. Nou pa ka, nou pa dwe e nou p ap kite sa konsa. Nou pral ouvri Legliz Saint Nicholas ak Sanktyè Nasyonal la antanke yon siy lanmou, pa lahèn; yon siy rekonsilyasyon, pa prejije; ak yon siy ideyal ki egziste nan gran Nasyon Ameriken sa, kote libète relijyon ak libète konsyans yon moun pa janm ekskli, men toujou anbrase".

**Kevin J. O'Toole, Prezidan Otorite Pòtyè a te di,** "Nan yon mond ki plen ak tèlman ensètitud, sa rekòmanse pote lespwa ke nou pi pre pou restore St. Nicholas antanke yon plas solanèl pou pawasyen ak vizitè yo adore, reflechi, epi onore sakrifis san nonb ki te fèt apre atak 11 septanm yo. Legliz la se yon senbòl rezistans kontini ki te ede pote yon renesans nan kanpis World Trade Center a, e jodi a se yon jou pou rekonèt reyalizasyon ki soti nan konba difisil sa yo".

**Rick Cotton, Direktè Ekzekitif Otorite Pòtyè a, te deklare,** "Jodi a make yon nouvo chapit nan rekonstriksyon istorik zòn Sid Manahattan nan. Nouvo Legliz St. Nicholas ak Sanktyè Nasyonal la ap yon sous enspirasyon ak lapè, pandan y ap ede pataje tou, kontribisyon istorik kominote Òtodòks Grèk la pou tout moun ki vizite epi adore. Otorite Pòtyè a fyè pou travay bò kote Gouvènè Cuomo pou pote reyalizasyon enpòtan sa pou nou, e jodi a, nou kontan pou wè konstriksyon sa rekòmanse. Mwen felisite travay Achidyosèz la ak Friends of St. Nicholas paske yo te travay ansanm pou asire ke pwojè sa onore lafòs epi renove Kanpis World Trade Center nou an."

Legliz orijinal St. Nicholas a nan 155 Cedar Street se te sèl plas adorasyon ki te detwi konplètman nan atak 11 septanm yo. Lè li te antre nan fonksyon, Gouvènè Cuomo te fè restorasyon Legliz St. Nicholas yon priyorite, lè li travay ak Achidyosèz la ak Otorite Pòtyè a pou rive nan yon akò sou yon plas ki pi gwo, pi aksesib pou rekonstriksyon Legliz la ak Sanktyè Nasyonal la e li te ramase don pou finanse konplèks la nan fason pèsònèl. Lè li fini, nouvo Legliz Òtodòks Grèk St. Nicholas la ak Sanktyè Nasyonal la nan 130 Liberty Street, jis nan sid Memorial Plaza 9 Septanm nan ap sèvi kòm yon plas pou lapriyè ak refleksyon silansye e l ap loje tou yon sant dèy san denominasyon pou nenpòt moun k ap chèche rekòmanse ak fòs nan moman yon pèt. Konplèks la ke achitèk Espanyòl Santiago Calatrava te konsevwa e ki kalke sou legliz Bizantin Sent Sophia ak Legliz Sen Sovè nan Istanboul, te konsevwa pou briye nan lè lannwit epi prezante yon liyè lespwa san rete sou kanpis World Trade Center a.

Pwogrè sa sou Legliz St. Nicholas la apiye angajman Otorite Pòtyè a pou fini gwo pwojè yo nan kanpis World Trade Center a. Konstriksyon an ap kontinye nan nò Memorial Plaza sou Ronald O. Perelman Performing Arts Center apre yon akò ke Gouvènè Cuomo te sipòte anpil nan 2018. Performing Arts Center ap genyen jiska 200,000 pye kare kòm espas, twa sal konferans ak espas repetisyon, yon restoran, ak yon magazen kado. Sant lan ap sèvi kòm yon sant mondyal pou kreyasyon ak echanj èv atistik, lide ak kilti k ap prezante teyat, dans, mizik ak fim ekstrayòdinè ki fèt nan peyi Etazini ak toupatou nan mond lan.

###

Lèt nouwèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)